



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY AVÈTISMAN SOU PWOBLÈM SANTE: MARIGWANA SENTETIK ILEGAL VOYE PLIS PASE 160 NOUYÒKÈ LOPITAL DEPI 8 AVRIL

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te bay yon alèt sante avèti Nouyòkè yo sou yon resan ogmantasyon nan itilizasyon kanabinoyid sentetik ki te voye plis pase 160 pasyan lopital depi 8 avril. Dwòg danjere, ke yo te idantifye nan non lari a, tankou, “epis” ak “K2” se sitou adolesan ak jèn adilt yo ki itilize l e yo rekonèt li pou lavant tankou lansan, melanj a baz plant oswa popouri nan fason pou kamoufle vrè objektif li. Règlemantasyon Depatman Sante Eta New York sou demann Gouvènè Cuomo nan ane 2012 te entèdi lavant ak posasyon sibstans sa yo.

“Dwòg sentetik se tout bagay sof inofansaif, e eripsyon grav nan ijans sante toupatou nan eta se prèv dirèk,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou te entèdi marigwana sentetik, sèl pou benyen ak lòt sibstans menm jan pou evite konsekans katastwòf rive – e kòm respnsab sante ak lapolis ap kontinye diminye sou itilizasyon ak lavant dwòg sa yo nan New York, nap pibliye yon alèt kòm yon avètisman nan mitan vag ospitalizasyon sa a.”

Apèl nan sant kontwòl pwazon Eta New York akòz itilizasyon kanabinoyid sentetik te ogmante konsiderableman nan dènye de semèn ki sot pase yo. Itilizatè melanj sentetik yo te eksperimente sentòm ki gen ladan ajitasyon, angwas, noze, vomisman, tansyon wo, tranbleman, kriz, alisinasyon, paranoya ak konpòtman vyolan. Efè sa yo kapab menm jan avèk sa yo ki nan fansiklidin, oswa PCP.

Komisyonè Sante pa entèrim Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare, “Dwòg tankou ‘epis’ poze yon menas enpòtan sou sante piblik e Nouyòkè yo bezwen pou yo okouran sou danje yo. Kòm konpoze egzat yo ki nan pwodui kanabinoyid sentetik yo chanje souvan, li souvan enposib pou itilizatè yo konnen egzakteman sa yap mete nan kò yo. Sa a te lakoz nan reyaksyon negatif enprevizib e li te mennen twòp moun nan lopital–kèk ladan yo nan inite swen entansif pou tretman.”

Komisyonè Sèvis Abi Sibvanstans Biwo Alkòl Eta New York Arlene González-Sánchez te deklare, “Sibstans sa yo se dwòg yo fabrike atifisyèlman ki ka chanje fonksyonman sèvo a. Jèn yo ka twonpe nan panse ke sibstans sa yo san danje paske yo vann yo san preskripsyon oswa yo nan anbalaj kolore, men yo pa fèt pou moun konsome. Yo danjere e yo ka gen konsekans alontèm sou sèvo a.”

Kanabinoyid sentetik komèsyalize kòm legal e li konpoze jeneralman de materyèl ki fèt avèk plant ki kouvri pa pwodui chimik ki sipoze imite THC, konpoze chimik aktif nan marigwana. Pwodui yo souvan gen ladan yo yon etikèt ki di “se pa pou konsomasyon imen “ nan fason pou degize vrè objektif sibstans lan. Yo refere dwòg sa yo souvan nan diferan non ki enkli: Spice, K2, Blonde, Summit, Standard, Blaze, Red Dawn X, Citron, Green Giant, Smacked, Wicked X, AK-47, marigwana sentetik, oswa marigwana legal. Non adisyonèl ki soti nan resan ka ki te rapòte yo gen ladan: Geeked Up, Ninja, Caution, Red Giant oswa Keisha Kole.

Nan mwa dout 2012, Depatman Sante Eta New York, sou demann Gouvènè a te pibliye règleman ki entèdi lavant ak posesyon plizyè douzèn sibstans ki te itilize pou fè kanabinoyid sentetik ak sèl pou benyen. Règleman an otorize tou pwopriyete yon etablisman ak/oswa yon anplwaye kap vann dwòg sentetik pou yo akize l avèk posesyon sibstans ilegal, sa yo pini avèk yon amann jiska \$500, oswa 15 jou nan prizon, oswa yon penalite sivil jiska \$2,000 pou chak vyolasyon. Depatman Sante a ap kontinye kolabore avèk lapolis Eta New York ansanm avèk lòt ajans yo kap fè respekte lalwa pou diminye sou itilizasyon dwòg sentetik sa yo jan yap evolye.

Si ou okouran sou ki kote yap vann oswa distribye pwodui sa yo, tanpri rele 1-888-99-SALTS (1-888-997-2587).

Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl sou kanabinoyid sentetik disponib [LA](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418